

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Aya sababaraha cara pikeun nyangking pamahaman ngeunaan atikan karakter, salah sahijina maca novél nu eusina dianggap mundel ku ajén atikan. Conto pangleutikna nyaéta maca novél nu nyadiakeun ajén atikan karakter. Ku maca salah sahiji novél Sunda, éta bisa jadi cara pikeun nyangking ajén atikan nu ngirut pamacana.

Novél nu dijadikeun sumber dina ieu panalungtikan téh nyaéta novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar. Dipilihna ieu novél téh dumasar kana sawatara hal di antarana nyampak karakter-karakter anu hadé dina éta novél. Ku kituna, éta novél bisa jadi bahan sakaligus média pikeun ngajarkeun atikan karakter secara teu langsung, lantaran siswa bisa nyonto kana hal-hal nu hadé tina éta novél

Novél *Putri Subanglarang* eusina nyaritakeun tokoh Putri Subanglarang nu hirup di lingkungan pasantrén, tapi resep jeung dipikaresep ku lalaki nu ngagem agama séjén (kapercayaan) jeung éta lalaki teh geus boga rabi. Ari nu matak ngirut tina ieu novél téh nyaéta pasualan atikan karakter nu digambarkeun dina lingkungan kahirupan ogé sipat-sipat para tokohna.

Pikeun medar ajén atikan karakter dina karya sastra, tangtu dibutuhkeun pamarekan nu merenah. Salah sahiji pamarekan ajén atikan karakter nu dikaluarkeun ku Pusat Kurikulum Kemendiknas taun 2015 nyaéta hasil kajian émpiris nu sumberna tina agama, budaya jeung tujuan atikan nasional kayaning pilar: (1) *religius*, (2) *jujur*, (3) *toleran*, (4) *disiplin*, (5) *kerja keras*, (6) *kreatif*, (7) *mandiri*, (8) *demokratis*, (9) *rasa ingin tahu*, (10) *semangat kebangsaan*, (11) *cinta tanah air*, (12) *menghargai prestasi*, (13) *bersahabat atau komunikatif*, (14) *cinta damai*, (15) *gemar membaca*, (16) *peduli lingkungan*, (17) *peduli sosial*, jeung (18) *tanggung jawab* (Ruhaliah, dkk, 2017, kc. 13)

Nilik kana rupa-rupa pamarekan ajén atikan karakter, dipatalikeun jeung udagan dina ieu panalungtikan, digunakeun konsép 18 pilar Kemendiknas 2015 nu dihususkeun kana pasualan kalungguhan, paripolah, jeung karakter. Ku ayana

pangajaran karakter nu luyu jeung ajaran agama, budaya, ogé pamaréntah, dipiharep hasilna bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Salian ti éta, bisa jadi tarékah séjén pikeun ngaronjatkeun kualitas karakter peserta didik.

Anu dipedar dina ieu panalungtikan téh teu ukur pasualan ajén atikan karakter, tapi ogé pasualan struktur anu nyangkaruk dina éta karya, kayaning téma, fakta carita, jeung sarana carita. Ari anu jadi sabab, unggal karya sastra téh teu bisa dipisahkeun tina struktur pangwangun carita nyaéta ayana pedaran struktur pikeun ngababarikeun medar pasualan ajén atikan karakter nu nyampak dina éta karya.

Ku sabab kitu, karya sastra nu digunakeun dina pangajaran maca novel kudu dipilih sacara gemet lantaran teu sakabéh karya sastra bisa dijadikeun bahan ajar. Bahan ajar kudu disaluyukeun jeung pangabutuh sarta kamampuh siswa patali jeung aspék basa, psikologi, sarta kasang tukang budayana. Lobana pasualan nu diébréhkeun nyebabkeun kapanasaranan pikeun ditalungtikna ajén atikan nu hadé di masarakat, utamana di kalangan siswa SMA. Ieu panalungtikan téh éstu pikeun ngahudangkeun, numuwuhkeun, jeung nyebarkeun kasadaran siswa ngeunaan ajén atikan karakter nu hadé, luyu jeung ajaran agama, budaya, ogé pamaréntah, ku pangajaran maca novél di sakola.

Pangajaran maca novél kaunggel dina Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD) di SMA kelas XI Kurikulum 2013 revisi 2017, ngeunaan maca novél dina Kompetensi Dasar *3.4 Menganalisis isi, struktur, dan unsur kebahasaan novel*. Ku kituna, ieu panalungtikan dipatalikeun jeung pangajaran di sakola sangkan siswa bisa wanoh kana karya sastra Sunda tur bisa nyangking pangaweruh jeung mikapaham ajén-ajén nu nyangkaruk dina novél nu dibacana.

Aya sababaraha panalungtikan nu sawanda jeung ieu panalungtikan, nyaéta: 1) “Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik dina Novél *Rasiah Kodeu Binér* Karya Dadan Sutisna pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra Di SMP” skripsi Euis Siti Fatimah (2015), 2) “Ajén Atikan Karakter dina Novél *Carita Budak Minggat* Karya Samsoedi pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP (Ulikan Struktural jeung Etnopedagogik) skripsi Nisa Nurazizah (2016).

Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta dina objék panalungtikana. Can kungsi aya panalungtikan nu ngaguar novél *Putri*

Subanglarang karya Yoséph Iskandar nu dimedalkeun bulan Juni taun 1991 ku Yayasan Pembangunan Jawa Barat jeung Geger Sunten nu museur kana ajén atikan karakter minangka bahan ajar maca novél di SMA. Ieu novél kaasup novél nu latarna sajarah turta euyeub ku atikan karakter masarakat Sunda baheula.

Ieu novél mangrupa garapan Yoséph Iskandar, salah sahiji sastrawan motékar nu lahir di Purwakarta kaping 11 Januari 1953. Yoséph Iskandar ngantunkeun di Ujung Berung 26 Maret 2008, dina umur 55 taun.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan ngeunaan ajén atikan karakter dina novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar pikeun bahan pangajaran maca novél di SMA dina ulikan stuktural, dianggap penting pikeun ditalungtik.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Masalah anu diidéntifikasi dina ieu panalungtikan téh nyaéta ngeunaan struktur carita jeung ajén atikan karakter dina novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana hasil idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) kumaha struktur carita dina novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar?
- 2) kumaha ajén atikan karakter nu nyampak dina novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar?
- 3) kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Anapon tujuan umum jeung tujuan husus éta diantarana saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar ajén-inajén atikan karakter dina novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar kalawan maluruh unsur-unsur pangdeudeul, nya éta strukturna nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita anu aya dina novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar;
- 2) ajén atikan karakter dina novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar; sarta
- 3) larapna hasil panalungtikan dijadikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA

1.4 Mangpaat panalungtikan

1.4.1 Mangpaat tioritis

Mangpaat tioritis anu bisa dicangking tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngalengkepan widang paélmaan sastra jeung atikan, hususna mekarkeun pangaweruh ngeunaan ajén atikan karakter nu nyampak dina karya sastra. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi bahan pangajaran alternatif dina ngaaprésiasi karya sastra.

1.4.2 Mangpaat praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat nyaeta:

- 1) pikeun panalungtik, ngeuyeuban pangaweruh dina widang sastra;
- 2) pikeun masarakat, mére pangaweruh karya sastra ka masarakat, hususna ngeunaan struktur jeung ajén atikan karakter nu nyampak dina novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar;
- 3) pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra;
- 4) pikeun akademisi, ieu panalungtikan bisa dijadikeun tatapakan dina panalungtikan séjén ngeunaan ajén atikan karakter anu nyampak dina karya sastra.

1.5 Raraga tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab.

BAB I eusina ngeunaan bubuka, anu medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan, nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II eusina ngeunaan ulikan tiori, anu ngawengku sastra, novél, struktural, ajén étnopédagogi, sarta ajén atikan karakter.

BAB III eusina ngeunaan métode panalungtikan, anu ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, sarta analisis data.

BAB IV eusina medar hasil jeung pedaran tina panalungtikan, diantarana waé pedaran ngeunaan struktur novél, ajén atikan karakter jeung bahan pangajaran aprésiasi sastra pikeun siswa SMA.

BAB V eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan séjénna.